



Pou Piblikasyon Imedya: 25/05/2022

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE NOUVO INISYATIV SOU DEVLOPMAN MENDÈV POU FÒME MANM LAME YO POU KARYÈ NAN ENDISTRI SEMIKONDIKTÈ A

*Pwogram konpetans karyè VET S.T.E.P. la pral fòme manm sèvis yo ki soti
toupatou nan peyi a epi fè patenarya avèk endistri a pou opòtinite travay*

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a Depatman Lame a apwouve Pwogram Fòmasyon ak Eksperyans Veteran nan Semikondiktè, oswa VET S.T.E.P., kòm yon Pwogram Konpetans Karyè ofisyèl, yon pati nan rezo SkillBridge Depatman Defans lan. Pwogram sa yo ede manm sèvis yo, ki soti nan tout branch nan tout peyi a, pandan y ap fè tranzisyon soti nan lame pou antre nan karyè sivil nan bay fòmasyon espesifik nan endistri, estaj ak lòt eksperyans travay. Sansibilizasyon VET S.T.E.P. nan enstalasyon militè yo pral sèvi pou edike manm sèvis yo sou opòtinite travay ki disponib yo, demontre posibilite transfè fòmasyon militè ak disiplin nan domèn fabrikasyon mikwo-elektwonik yo, epi ba yo yon entegrasyon espesifik pou endistri a pou bay patisipan yo konpetans yo bezwen pou rive jwenn travay la.

"Nan New York, nou angaje anpil pou nou sipòte gason ak fanm vanyan k ap sèvi ak pwoteje peyi nou an, epi nou toujou rekonesan pou sèvis yo", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Jodi a, nou reyafime angajman nou anvè manm sèvis New York yo avèk aksyon konkrè, epi nouvo pwogram VET S.T.E.P. la se dènye egzanp inisyativ mendèv nou an ki konsantre sou ede veteran yo jwenn travay ki siyifikatif, alontèm apre yo fin kite lame a. Nouvo pwogram sa a pral sèvi kòm yon modèl pou rès nasyon an swiv, epi li pral mete veteran yo sou chemen an nan direksyon pou yon karyè reyisi pandan l ap ranfòse endistri semikondiktè Etazini an".

Prezidan NY CREATES la, David Anderson, te deklare, "Nou fyè pou nou lanse nouvo inisyativ VET S.T.E.P. la, ki pral onore manm sèvis aktif yo ak veteran yo nan ba yo opòtinite pou karyè alontèm ak gratifyan nan endistri semikondiktè a. Gason ak fanm k ap sèvi peyi nou an gen talan, travay di, epi devwe - tout kalite lidè endistri mondyal yo ap chèche. VET S.T.E.P. pral ofri yon pwogram fòmasyon konplè ak eksperyans ki konekte veteran ak konpayi epi karyè yo - e sa se yon viktwa pou tout moun ki enplike."

Prezidan, Direktè Egzekitif Jeneral ak Komisè Empire State Development lan, Hope Knight, te deklare, "Nouvo pwogram Vet S.T.E.P. la pral jenere nouvo opòtinite pou veteran nou yo lè li bay konpetans ki nesèsè anpil k ap ogmante mendèv gwo

teknoloji nou an, yon eleman kle pou devlope endistri semi-kondiktè a nan Eta New York. Mwen bat bravo pou patnè nou yo nan NY CREATES dèske yo elabore pwogram inovatè sa a ki pral asire yon rezèv talan solid pou lavni".

Viviana DeCohen, Direktè Divizyon Sèvis pou Veteran Eta New York la, te deklare, "New York rete angaje pou li se pi bon eta pou manm sèvis ak veteran yo rele kòm lakay yo. Yon eleman kle ladan se kapasite pou bay travay ki byen peye ak satisfèzan pou moun sa yo. Inisyativ VET S.T.E.P. la pral yon gwo sous travay gratifyan nan bay karyè pou moun ki te fè anpil pou Eta nou an ak nasyon nou an."

Anjeneral, konpayi yo ofri pwogram SkillBridge pou ranpli pwòp òf travay yo. VET S.T.E.P. inikman konsantre sou bati yon ekosistèm, travay ak plizyè patnè endistri ki baze nan Eta New York pou konstwi yon rezèv teknisyen kalifye pou eta a ak endistri semikondiktè k ap grandi nan peyi a. Rekritman VET S.T.E.P. pral pote pèsonèl militè ki soti toupatou nan peyi Etazini, avèk koneksyon prensipal li nan Fort Drum, epi li bay de semèn fòmasyon kòm teknisyen ki ansuit ap gen plasman nan yon estaj uit semèn avèk youn nan anpil patnè endistri NY CREATES.

Fòmasyon VET S.T.E.P., devlope an patenarya avèk Mohawk Valley Community College, pral fèt nan Konplèks Nanotech Albany. La, manm sèvis yo pral gen aksè nan laboratwa ki pi avanse, ki piblik nan peyi Etazini, yon fondri k ap fonksyone, ekipman dènye kri ak patnè endistri sou plas yo.

Premye kowòt fòmasyon an pwograme pou septanm 2022. Nan kòmansman, twa gwoup 12 manm sèvis planifye pou 12 pwochen mwa yo. Yon fwa pwogram nan konplètman etabli, gen senk kowòt k ap fòme jiska 60 manm sèvis ki ka jwenn sipò chak ane. Se Fondasyon Syans Nasyonal (National Science Foundation, NSF) ki finanse pwogram nan, sa k ap pèmèt manm sèvis yo resevwa fòmasyon sa a gratis. Anvan VET S.T.E.P., NY CREATES te ofri "mini" atelye Teknisyen Fabrikasyon Avanse pou sòlda ak veteran Fort Drum yo. Depi 2016, 90 te fòme.

Chak ane apeprè 200,000 manm Fòs Lame Ameriken yo, ki plase nan plis pase 140 enstalasyon militè nan Etazini ak aletranje, separe ak sèvis aktif. Sa te byen dokimante ke twòp veteran gen difikilte pou jwenn yon travay ki fè sans apre yo fin kite sèvis militè. Pwogram SkillBridge Depatman Defans lan yo bay manm sèvis ki pran retrèt ak nan tranzisyon yo opòtinite pou yo patisipe nan pwogram fòmasyon endistri yo pandan dènye 180 jou sèvis yo, pandan y ap kouvri peman ak benefis manm sèvis la.

VET S.T.E.P. koresponn byen ak angajman inebranlab eta a anvè moun ki te sèvi yo ak inisyativ ki ede ak sipòte plis pase 714,000 veteran ak fanmi yo ki rele Eta New York lakay yo. Omwen 60 avantaj eta inik disponib kounye a pou veteran, manm sèvis, ak fanmi yo, ki gen ladan benefis edikasyon, ak aksè priyoritè nan asistans travay, pou jwenn aksè nan konpansasyon andikap ki gen rapò ak sèvis, ak plis ankò.

Si ou enterese patisipe nan VET S.T.E.P., kontakte Kate Alcott nan alcottk@sunypoly.edu oswa ale sou <https://ny-creates.org/vet-s-t-e-p-semiconductor-training-experience-program/> pou plis enfòmasyon.

Pou plis enfòmasyon sou sèvis ki disponib pou veteran yo nan Eta New York, ale sou <https://veterans.ny.gov/>.

Inisyativ ki chita sou angajman solid Gouvènè pou devlopman ak fòmasyon mendèv pou konpetans ki gen demann yo. Nan diskou sou Sitiyasyon Eta li a, [Gouvènè a te anonse Biwo Devlopman Mendèv Estratejik \(Office of Strategic Workforce Development, SWD\) Eta New York la](#), ki pral responsab pou amelyore pwogram ak pratik devlopman mendèv Eta a pou pi byen aliyen avèk bezwen ak priyorite anplwayè yo jodi a. Gouvènè a angaje gwo finansman sou plizyè ane pou sipòte Biwo a, ki te apwouve nan bidjè Ane Fiskal 2023 a, epi gen yon [rechèch](#) ki ankou pou anboche pèsonèl pou aplike epi dirije efò anbisyè Eta a yo.

Senatè Chuck Schumer te deklare, "Sòlda nou yo deja pwoteje avni Etazini sou chan batay yo, epi kounye a, gras a pwogram VET S.T.E.P la, veteran New York yo ka kontinye prezève lidèchip mondyal ak sekirite nasyonal Etazini atravè karyè ki byen peye nan fabrikasyon semikondiktè isit la nan Empire State. New York se kay yon mendèv wo nivo, ke pwogram sa a pral ogmante plis pou pwofite gwo ekspansyon nan endistri pis elektwonik ki te dirije pa Lwa sou Inovasyon ak Konpetisyon Etazini mwen an ak 52 milya dola istorik nan ankourajman federal mwen te enkli pou Rechèch ak Devlopman (R&D) ak fabrikasyon semikondiktè. Yon travay se youn nan pati ki pi enpòtan nan retou yon veteran nan lavi sivil, epi pwogram sa a pral asire ke veteran nou yo pa rete dèyè epi yo ka jwenn fòmasyon ak konpetans yo bezwen pou yo gen siksè nan lavi yo apre lame a epi yo dwe yon pati nan yon endistri k ap grandi rapid nan eta a".

Senatè Kirsten Gillibrand te deklare, "Aprè plizyè ane yo dedye pou sèvi peyi nou an, twòp veteran kite lame epi gen difikilte pou jwenn yon travay ki gen sans. VET S.T.E.P. se yon pwogram inovatè ki pral ede veteran yo fè tranzisyon nan karyè sivil nan domèn k ap grandi epi pral jwe yon wòl kle nan devlope talan pou endistri semikondiktè New York la. Mwen remèsye Gouvènè Hochul pou travay li nan pèmèt travay sa dekole, epi antanke prezidan Sou-komite Pèsonèl Sèvis Lame Sena a, mwen pral kontinye goumen pou asire veteran New York nou yo gen sipò yo bezwen pou yo reyentegre nan lavi sivil la."

Reprezantan Jerrold Nadler te deklare, "Prepare manm sèvis nou yo pou karyè nan mikwo-elektwonik se yon desizyon ekselan. Pandan nasyon nou an ap kontinye inovè nan enèji renouvlab ak teknoloji, li obligatwa pou nou bati enfrastrikti nou bezwen pou nou rete konpetitif globalman. Gouvènè Hochul te yon lidè fòmida nan kenbe New York nan avangad devlopman ak fabrikasyon semikondiktè, epi mwen espere kontinye travay avèk li".

Reprezantan Paul Tonko te deklare, "Envesti nan endistri semikondiktè a ofri yon opòtinite enkwayab pou ranfòse chèn apwovizyonman domestik yo epi ankouraje konpetisyon Ameriken, tout sa pandan l ap kreye travay nan fabrikasyon ki byen peye. M ap travay pou fè envèstisman enpòtan sa yo nan nivo federal, sa gen ladan batay pou fè avanse Lwa istorik CHIPS pou Etazini ak Lwa Mikwo-elektwonik mwen an nan kad Lwa America COMPETES ki te adopte nan Chanm lan. Inisyativ fòmasyon pyonye sa a ki te anonse jodi a pral fè avanse tou endistri sa a k ap grandi nan rejyon nou an, se poutèt sa mwen te fyè pou m vote pou finanse pwogram sa a nan kad dènnye pake kredi nou an. Mwen remèsye Gouvènè Hochul pou travay li nan fasilite pwogram sa a ki pral ranfòse ekonomi nou an, epi ki pral sipòte veteran nou yo".

Reprezantan Joe Morelle te deklare, "Kòm yon manm Komite Sèvis Ame Lame Chanm lan, mwen pran angajman pou m sipòte manm sèvis nou yo nan chak etap nan karyè yo, se poutèt sa mwen apresye angajman Gouvènè Hochul pran pou bay fòmasyon ki nesese pou asire yon tranzisyon reyisi nan lavi sivil atravè VET S.T.E.P. New York. Elaji pwogram SkillBridge la pou enkli devlopman mendèv nan teknoloji semikondiktè enpòtan pral konstwi rezistans ekonomik rejyonal New York la epi fè zòn nou an tounen yon konkiran mondyal nan domèn sa a".

Chanselye Pwovizwa SUNY an, Deborah F. Stanley, te deklare, "Veteran yo, menmsi yo soti nan seri domèn ki varye nan branch sèvis yo, anjeneral yo pataje anpil nan menm karakteristik yo: atansyon sou detay, disiplin, ak yon volonte pou travay pi di. Apre yo fin dedye plizyè ane nan lavi yo nan yon konpetans espesifik, yon veteran ka jwenn konpetans lan pa dirèkteman transfere nan yon travay nan lavi sivil. Mwen fyè pou m di n ap ede konble mank sa a, pou nou itilize totalman don ak talan moun ki gen anpil motivasyon sa yo genyen pou ofri mendèv Eta New York la. Mwen remèsye Gouvènè Kathy Hochul dèske li rekonèt talan ak potansyèl veteran nou yo, epi li konekte yo nan pwochen misyon yo".

Prezidan Mohawk Valley Community College, Doktè Randall VanWagoner, te deklare, "Depi 1946, kòm youn nan senk enstitisyon apre segondè ki etabli sou yon baz eksperimantal apre Dezyèm Gè Mondyal la, Mohawk Valley Community College te sèvi veteran Ameriken yo nan bay resous valab epi sipòte siksè edikasyon yo. Nou fyè dèske nou fè pati pwojè sa a epi kontinye tradisyon ede veteran yo fè yon tranzisyon reyisi pou tounen nan kominote a epi prepare pou lavni".

Manadjè Sèvis Tranzisyon Fort Drum lan, Craig A. McNamara, te deklare, "Pa gen pi bon fason pou apresye sakrifis sòlda, veteran nou yo ak fanmi yo pase ekipe yo pou yo viv lavi pwodiktif ki fè sans apre sèvis yo bay nasyon nou an. VET S.T.E.P ofri yon gwo opòtinite pou kwasans pwofesyonèl pou sòlda, veteran nou yo ak fanmi yo, epi demontre yon kolaborasyon enpòtan ant Eta New York, Pwogram Asistans pou Tranzisyon Fort Drum, SUNY, NY CREATES, ak endistri"

Sipèvizè Akizisyon Talan Indium Corporation lan, Jim McCoy, te deklare, "Indium Corporation kontan anpil pou li vin yon patnè endistri a avèk Pwogram Konpetans Karyè VET S.T.E.P. la pou ede manm fòs lame yo atravè peyi a enstale yo yon fason

pèmanan nan kominote nou yo. Dènyèman, nou te akeyi de manm sèvis ki soti nan Fort Drum nan ekip nou an epi nou pa ka tann pou nou kòmanse ede bokou plis pou jwenn karyè ki bay satisfaksyon nan endistri semikondiktè a atravè kolaborasyon sa a".

Vis Prezidan Operasyon Resous Imèn GlobalFoundries la, Mike Leary, te deklare, "Nou bat bravo pou Gouvènè Hochul sou apwobasyon VET S.T.E.P. kòm yon pwogram Konpetans Karyè ofisyèl. Nou apresye lidèchip, kominikasyon, priz desizyon, ak konpetans teknik manm sèvis yo, epi pwogram sa a pral ede konekte fòmasyon ak eksperyans enpòtan avèk patnè endistri tankou GlobalFoundries pandan n ap sipòte veteran yo ak objektif karyè yo".

Direktè Resous Imèn Wolfspeed la, Margaret Chadwick, te deklare, "Wolfspeed angaje pou li anboche yon gwoup divès moun ki gen orijin ak eksperyans ki trè varye. Pandan n ap kontinye ogmante pwodiksyon nan etablisman fabrikasyon semikondiktè kabi silisyòm nou an nan Marcy, New York, pwogram tankou VET S.T.E.P. se yon bagay fondamantal nan rekritman bon talan. Kandida ki gen yon fòmasyon militè se yon opsyon ekselan pou kilti nou ki oryante sou ekip. Nou kontan anpil pou nou se youn nan anplwayè yo ki enplike aktivman nan pwogram lan epi pa ka tann pou nou elaji patenarya nou avèk nouvo manm nan ekip la".

###

Lèt nou vèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418